ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

# АДЫГЕЙСКАЯ ПРАВДА

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№165 (21.073) ● 2007 гъэм шыщхьэІум (августым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

## Іуащхьэмахуэ льапэ къыхах

**Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэм, щышхьэІум и 22-м, Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэ Чегет хьэщІэщым и гупэ утым къыщыІэІуахащ льакъу зрыгъажэмкІэ Урысейм и Кубокыр къэхъыныр теухуа спорт зэхьэзэхуэм и кІэух зэпеуэр. ЩышхьэІум и 26 пщІондэ екІуэкІыну зэпеуэ ящ эм хэтынущ Урысейм и щІыналъэ куэдым къикІа спортсменхэр.**

● Дыгъуасэ

ІУАЩХЬЭМАХУ Э льапэ къьелдэгъа хьэщІэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Къэкэр Альберт.**

- Ди республикэм и Президентым кьобзрей зэпеуэ гъэщІэгъуэным хуэдэхэр ди деж щрагъэкІуэкІын, дэнэ щыІпІи къикІ хьэщІэхэр кьуитхуеблэгъэн папщІэ фІыщІэфхуэщІ. Зэхьэзэхуэр щекІуэкІыну махуэхэр гукъинэж фщыхьуну, екъуІэнфыгъэхэр зэпеуэми гъащІэми фыщиІэну сеи гуапэщ. Къэбзэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм, республикэм щыпсэуэхэм тхуэзэфІэкІ псори длэжьнущ нобзрей зэпеуэ гъэщІэгъуэным хуэдэхэр ди деж щрагъэкІуэкІын, дэнэ щыІпІи къикІ хьэщІэхэр къуитхуеблэгъэн папщІэ, - якІриІащ абы кьыззэхуэсахэм.

Апхуэдэу спортсменхэм я зэхьэзэхуэр нэгу зыужьу, теКІуэныгъэ дахэ кьагъэльагуэу екІуэкІыну зэрагаупэр жаІащ Іуащхьэмахуэ районы администрацэм и Іэтащхьэм и спортмкІэ Урысей Федерацэм и чемпион **Трофимов Юрий.**

Зэхьэзэхуэр кьыщызэІуахым кьырихьлаэр дахьхьыу еплъащ льакъуэрыгъажэр гъуэзэджэу кьэзыгъэлурыщІэ спортсменхэм я Іэзагъым.

Зэпеуэр екІуэкІынущ «КавМинРайдЭкс» федерацэмрэ Урысейм льакъуэрыгъажэ спортымкІэ и федерацэмрэ я нэІэм щІэту. Тренер нэхъыжь Крутилин Игорь зэрыжиІэмкІэ, кьызэгъэпэщакІуэхэм я мурад нэхъыщхьэр льакъуэрыгъажэ спортым щІалэгъуэлэр дегъэхьэхынырщ, УФ-м и командэ кьыхэхам хагъэхьэну спортсмен нэхъ льэщхэр кьыхэхьынырщ.

*Сурэтхэр* **ХОЛАЕВЭ Марзият** *трихащ.*

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Жэуаплыныгъэ яхэлъыну къыхуэрадж э

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и Унафэщі Къажэр Альберт щыщхьэІум и 21-м иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ Урысей Федерацэм футболымкІэ и Премьер-лигэм хэт командэхэм я зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ Налшык къакІуэ топджэгухэм я шынагъуэщагъэр кьызэгъэпэщыным, футболым еплъхэм хьэлэбэлыкъ стадионым кьыщамыгъэхъун папщІэ лэжьыпхьэхэм, нэгъуэщІхэми.**

ЗэІущІэм хэтащ республикэм и министерствэ, ведомствэ зыбжанэхэм, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм, «Спартак-Налшык» клубым я унафэщІхэр. Ахэр тегузэвыхьащ стадионым щыщыІэ хабзэхэр кьызэпызыдхэм я зэранкІэ клубым кьуэды ин кьытрапхьхэнкІэ, уеблэмэ, ди командэм Налшык щригъэжьуэжьмкІэ хуей зэІущІэхэр нэгъуэщІ кьалэ я ягъэІэпхьуэнкІэ зэрыхъуным. А Іуэхугъуэхэм теухуа пресс-конференц дыгъуасэ екІуэкІащ. Абы кьыщеджащ республикэм и цІыхухэу футболыр ФІыуэ зыльгъыгъхэм зэрыызыхуагъазэ.

Апхуэдэуи кьыхэдгъэщынщ «Спартак-Налшыкым» Молдовэм и «Зимбру» командэм и гъуащхьэхъумэ Добре Лучанэ ильэс ныкъуэкІэ контракт зэрырищІыпІар. ЩІалэм и джэгуКІэр командэм и унафэщІхэмэ ягу ирихьу щытмэ, зэгуры Іуэныгъэм пащэну Іэмал щыІщ. Илъэсищ пІалъэкІэ Налшык щыджэгунущ Владикавказ и «Автодорым» и гъащхьэхъумэныкъуэ, ильэс 21-рэ зи ныбжь Абаев Аслъэн.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**

## Юбилеим ирихьэлІэу

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгуфхэрэ ильэс 450-рэ щрикъур гъэлъэпІэным зыщыхуагъэхьэзыр мы зэманым Тырныауз къалэр зэІуэзэнщ щыным хуэунэтІа дэжьыгъэхэр йокІуэкІ.**

КЪАЛІЭ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Азубэч МуІэед зэрыжиІамкІэ, джыдедэм ильэс ныкъуэкІэ контракт зэрырищІыпІар. ЩІалэм и джэгуКІэр командэм и унафэщІхэм ягу ирихьу щытмэ, зэгуры Іуэныгъэм пащэну Іэмал щыІщ. Илъэсищ пІалъэкІэ Налшык щыджэгунущ Владикавказ и «Автодорым» и гъащхьэхъумэныкъуэ, ильэс 21-рэ зи ныбжь Абаев Аслъэн.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**

### Марсыр апхуэдэу жыжьэжкъым

**Урысейкосмосым щыжаІащ Марсым щыху гъэльэтэным зыхуэгъэхьэзырыщымкІэ гъэунэхунгъэр жэщ-махуэ 800-кІэ зэрырагъэкІуэкІынур (нэхьапэм ягъэуваУ щыта пІалъэр махуэ 500-р).**

Къашта унафэр кьыхэІащ ди гъунэгъу планетэм щыху щагъэльэтэкІэ зыпэмыплъа Іуэху гуэрхэм Іууэн зэрыхуэмейм. Псори зэпэлъытэн хуейщ, жиІащ Іуэхущ Іапэм и Іэщ Іагъэ Іэхэм ящыщ зыбм. - Марсым ульатэу ЩІым кьэбгъэзэжьмыкІ жэщ-махуэ 500 фІэкІа темыкІуэдзэнуми, кьэхъунрэ пщІэркъым. Псоми дыхуэхьэзыру щытын хуейщ. Мы зэманым а планетэм щІыху гъэльэтэным пыщІа Іуэхухэм доллар мелард 40-50-м нэс текІуэдзэнущ. Ар хуэзфІэкІынукъым зы къэралым и закъуэ. Иджырей кхъухьхэр апхуэдэ гъуэгуанэ пэлъэщынукъым, щІэхэр щІын хуейщ.

Гъэунэхуныгъэр Медикобиологие кьалэнхэмкІэ институтым щрагъэкІуэкІынущ. Кьыхаха цІыхухэр кхъухьм и модулым жэщ-махуэ 800-кІэ кьымыкІыу исынущ, ахэр дунейм кьыпыщІауэ зэрыщытынури электрон пощтым и закъуэщ. «Космонавтхэм» яшхынри хьэршым итхэм папщІэ ягъэхьэзыра ерыскъыщ.

### ЩІэупщІэшхуэ яІэщ

**Москва и Іэнэльащэм щыІэ Жуковскэм щагъэлъагъуэ «Марс» авиакосмос салоным Урысейм и Іэдакъщ ІэкІхэм щІэупщІэшхуэ щаІэщ.**

Ту-4 кхъухьльатэм хуэдэу Ираным тху ищхъуакІэщ. Апхуэдэу къэрал зыбжанэм я мурадщ Су-30 кхъухьльатэ лъэщыр зыІрагъэхьэну. Салоным щагъэльагъуэ Китайм папщІэ ягъэхьэзыра Ту-2004 кхъухьльатэри.

Кьыщэхуэсахэм яфІэтельыджэщ Урысейм и хьэрш техникэри.

### Къуаншэу зыкъильытэжьркъым

**Совет Союзым и Лыхъужьу Эстониям и щІыналъэм кьыщежа закъуэр - Мэри Арнольд зэрагъэкъуаншэ тхылъыр судым ираташ.**

Властхэм кьаІэта а Іуэхум кьыщыгъэльэгъуащ 1949 гъэм Эстониям и къуажэхэм ящыщ зым щыпсэуэхэр къаралым ирашу Сыбырым щыгъэІэпхъуахэм иджы ильэс 80 зи ныбжь лЫжьыр яхэтауэ. Езы Мэри къуаншэу зыкъильытэжьркъым. Абы жеІэ езым теуха Іуэхур ильэс 20 и пэкІи кьаІэтауэ зэрыщытар, абы льандэри зэрагъэкъуаншэ тхылъым щІэ гуэри зэрыхамылъхьэфар.

### МафІэсхэм япэщІэту

**Москва щхьэщыт Іугъуэр кьызыдкІар Рязань, Владимир областхэрщ.**

Абыхэм я мэзхэм мафІэ щІэнащ. АргъэункІыфІыным кьаруушхуэ ирахьэлІэ. А щІыпІэхэм ягъэкІуащ зэуэ псы тоннитІ уэгум дзэхьеиф Ми-8 вертолетхэр.

### Псалъэжьхэр щІэнэкъуэн хьуну?

**Урысейм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм (ЦИК) щІыналъэхэм щыІ и кьудамхэр кьыхуредж эхэлъыгъэхэм теухуа плакатхэм урыс псалъэжьхэр иратхэну: «Хэпсарщ къытецхьжынур», «Хэди кьыхэх», «Блэнейрь кэпщІ, итІанэ кьыпытэж» жьхуиІэхэр, н.къ.**

ЦИК-м и унафэщІ Чуров Владимир кьызэрильытэжкІэ, абыхэм цІыхухэм ягу кьигъэкІыжьынущ ІэІэтым кьрикІуэнухэм я мыхьэнэр зыхуэдизыр.

Къэрал Думэм хэхыным зыхуагъэхьэзырын щІадзэнущ фокІадэм.

*(ИТАР-ТАСС).*

## Мы мэхуэхэм

**ЩышхьэІум и 23,** *махуэку*

♦ ПщылІкІэ сату ящІу зэрыщытар, хьэкІэкхъуэкІагъэ зыхэль а хабзэр зэрагъэкІуэдыжар ягу кьыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ. ЮНЕСКО-м и къэрдэмкІэ ягъэуваи.

♦Сочэрыдзэхэм гитлерыдзэхэр Курск зэхэуэм щыхагъэщІа махуэщ (1943).

♦Илъэс 625-рэ и пэкІэ (1382) хьан Тохьэтэмыш Москва щытеуам Урысейм яп дыдэу къигъэсэбэнащ артиллериер.

♦Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) кьалъхуащ мультипликацэ кином и украин режиссер щэрыІу Черкасский Дмитрий.

♦ЩІэшэн Республикэм Іэ-ІэткІэ хаха и яп президент Кадыров Ахьмэт кьыщалъхуа махуэщ (1951 - 2004).

**♦Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 20-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 59-м.**

**♦Махуэм и кьыхагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъэ 39-рэ**

**ЩышхьэІум и 24,** *мэрем*

♦Украинэм и къэрал гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэщ махуэщ (1991).

♦ Донбассым щагъэлъапІэ щахтэ къуэхэм щыхэкІуэдахэм я фэеплъыр.

♦Илъэс 435-рэ и пэкІэ (1572) Медичи Екатеринэрэ Гизамирэ я кьыззрагъэпэщащ католикхэм гугенотхэр куэду Париж щызэтраукІэныр (Варфоломей жэщ).

♦1943 гъэм кьэбзрдей кхъухьльатэзехуэ Къардэн Къубатий Совет Союзым и ЛІыхъужь щІэр кьыфІащащ.

♦ЩышхьэІум и 24 - 29-хэм Канн кьалэм (Франджы) щекІуэкІынущ урысей гъуэгуджэм и фестивальр.

**♦Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 21-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 38-м.**

**♦Махуэм и кьыхагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъэ 38-рэ.**

*ПІалъэхэр зыхуэхьэзырар* **ШАД Мухьэмэдщ.**



### Лъэпкъ Іуэхугъэ

## ЗэхуэзыщІэ зэщІэнэкІэжьыгъэхэр

### ● Тэрч куейм

## ЖылапхъэфІкІэ къыхэригъэпэщыпщ

**Тэрч районым щыІэ «Опытное» ОПХ-р ильэс зыбжанэ хьуауэ долажьэ Іукьяненкэм и ціэрыІуэ зыхьэзыр. мэкъумэш хозяйствомкІэ Кавказ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. Абы кьахуиутІыпщ жылапхъэ хэпльыхьахэр хозяйствэм и щыпресэ, кьарит «супер-элитэкІэ» зэджэ жылэр мэкъумэш предприятэм я яшхуу.**

МЫ ИЛЪЭСЫМ «Опытное» ОПХ-м гуэдз лъэпкъыщІэу ЛІэужьыгъуэщ хисати, гъавэ жьарзынэ кьаритащ. Хозяйствэр иджыпсту иужь итщ гуэдз гъэгъущынымь, зыхуэй хуэгъэзэнымь. Лэжьыгъэр зы дакъикъи кьызэтеувыІэркъым, жылапхъэхэр зыщэхунухэм я бжыгъэм зэрыхьжу зм кьыхэкІыну. Гъэр уэгъуу зэрыщыпам емыльытауэ, «Опытное» ОПХ-м и кьалэн нэхъыщхьэр игъэззэщІну икІи республикэм и хозяйствэхэр жылапхъэфІкІэ кьызэригъэпэщыну Іэмал иІэщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

## Гъэ къакІуэ лъабжьэ хуагъэпІылъ

**Республикэм и мэкъумэш комплексым и лэжьыкІуэхэм гъавэ Іухьыжьныр гъэ кІуам елъытауэ нэхъ жыджэру зэфІагъэкІащ. Ар и фІыгъэщ щым телэжьыхьэр зыхуей хуэзэу сыт и лъэныкъуэкІи къызэрызэрагъэпэщам.**

ТЭРЧ куейм щыІэ мэкъумэш хозяйствэхэм гъавэ Іухьжьныр и кІэм нагъэсащ. МэкъумэшышІэхэм гуэдзыр гъущапІэхэм щагъэтІылъ, хьэуазэр зэхуахьэсри гуфІыгъэ кьраш, щІыр вэным хуагъэкъэзыр.

Лэжьыгъэшхуэ кьрахьэлІащ Шэрэдж районым щыщ Безенти, Балъкъэр Ищэ, Жэмтхьэлэ Ищэ жылагъуэхэм я механизатархэм.

Бжьыхьэсэ гуэдзымкІэ нэхъ екъуІэныгъэшхуэ зиІар Балъкъэр Ищэ кьуажэм щыІэ хозяйствэрщ. Абы зы гектарым хуэзэу кьытрихащ центнер 25-рэ. Бабугент кьуажэм щызэхэт мэкъумэш хозяйствэри мы гъэм яп ищхэм ящыщщ. Бжьыхьэсэ гуэдзу гектар 250-рэ хасати, и чэзум кІэрыхуншэу Іуахьажащ, зы гектарым центнер 20 кьытрахьу.

Мы зэманым Бабугент и механизаторхэм бжьыхьэсэр кьызытраха щІыр явэ. Апхуэдэу «Агроэзныбжьэгъуэгъэ» ООО-м гектар 400-м ириса бжьыхьэсэ гуэдзыр кьрихьэлІэжащ. Джэрпэджэж жьыпІэ и мэкъумэшышІэхэми 2008 гъэм гъавэр зытрасэну щІыр иджыпсту ягъэхьэзыр.

**ТОХЪУТЭМЫШ Іанэ.**

## Дыгъэ щыІэ ІэпэІэсэныгъэм щІыгум

**Шэрэдж районым Тэрч, Прохладнэ куейхэм щиІэ щым кьытриха бжьыхьэсэ гъавэр гектарым хуэзэу процент 25-рэ хьуауэ араш.**

ГъАТХЭМ щым хапъхьари жылапхъэфІт, и зэманым хуэзэуи трасат, ауэ сэхуранымрэ гъавапхэ нартыхумрэ уэгъум исжащ. Хозяйствэхэм а кьэкІыгъэхэм зыри кьытрахынукъым икІи жылапхъэхэм трагъэкІуэдагъэ щыта сом мелуани 8-мрэ адрей лэжьыгъэхэм япэкІуа уасэмрэ хэщІыныгъэ ягъэтащ. Гъавэу кьрахьэлІэну зыщыгугъар хэпльхьэжмэ, а бжьыгъэм сом мелуан 21-м хуоКІэ. Районым и мэкъумэшышІэхэр кьаралыр кьадэІэпыкъуну мэгугъэхэр. ХэщІныныгъэхэмкІэ актэр Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм ягъэхьащ, адэкІэ псори зэпльытар федерал органхэрщ. НэгъуэщІ куейхэм щищІа гъавэр ирисхьжами, Шэрэдж районым и къуажэхэм кьегъэщІыла мэкъумэш щІапІэхэм гъавэ хьарзынэ кьытрахыну щогугъэр. Нартыху гектар 664-м дэтхэнэми центнер 50 мынэхъ мащІэ гектарым хуэзэу кьытекІыну поплъэ.

- Ильэс куэдкІэ кьэкІуэхэмкІи ди Іуэхур Іей хьунукъым: удз щІынэу центнер 400 гектарым хуэзэнущ, - жеІэ Шэрэдж районым и администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм и кьудамэм и унафэщІ Ульбашев Хьасэн. - Ауэ бжьыхьэсэхэмкІэ бдджэндырлажьэ щхьэхуэхэр диІэкъым: районым дуней щытыкІэр щытынщкъыми, гъавэ зыщІэр колхозу е совхозу щыта хозяйствэхэращ. Абыхэм мы зэманым бжьыхьэсэу ящІну гугъу щымытами, гъавэр кьетхьэлІэжар мащІэми, ди гур духьжу дытІысыж хьунукъым. Кьэралри кьыддэІэпыкъуну дыкьигъэгугъащ.

**УЭРЭЗЕЙ Рашид.**

### ● Лъэпкъ Іуэху

## Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм зеубгъу

**США-м щыпсэу адыгэхэм кьызэрагъэпэщащ зэгухьныгъэхэм - Адыгэ Хасэхэм - я лэжьыгъэм махуэ кьэс зеубгъу. Къэбэлъдагъуэмэ, тхьэмахуэ зыбжанэ щрикІэ иджыри зы хасэ кьыщызэІуахащ Калифорниям, кьышынэмыщІауэ, Орандж Каунти районым а адыгэ щихабзэ центр зэрыщаухуэну планыр дызэрыт зэманым яуэлъу.**

АБЫХЭМ къадэкІуэу, Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшныгъэм и унафэщІхэм ящыщ Дзыкъуэ Уэлид Нью-Джерси щыІэ Адыгэ Хасэм информационнэ технологиехэмкІэ комитет кьыщызэриІэпэщащ.

- Ди лэжьыгъэр США-м щыпсэу дэтхэнэ зы адыгэми льэдгъэІэсын мурад диІэу кьызэІутхауэ араш ар, - жеІэ Дзыкъуэ Уэлид. - Иджырей Іэмэпсымэхэр кьэдгъэсэбэпуэр, адыгэ щэнхабзэм, бзэм, тхыдэм фІыуэ щыгъуазэ тщІын хуейщ адыгэ щІалэгъуалэр.

Нью-Джерси дэт Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр ядиІыгъын папщІэ, Калифорниям кьикІри абы кьэІэпхъуэжащ ДА3-м и президент Шыхъуэ Замир. Абы кьызэрильытэмкІэ, хамэ кьэралхэм щыхэхэс ди щІэблэр я блэкІам щыгъуазэу, бзэмрэ хабзэмрэ фІыуэ ящІэу кьэхъун папщІэ, технологиещІэхэр Іэмал гъуэзэджэщ. Псом хэмыдэу компьютерыр дэтхэнэми и Іэпэгъу щыхъуа ди зэманым щІыпІэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу адыгэхэр тыншу зэрыщІэфынущ.

А щапхъэм тету, ди льэпкъэгъуэхэм я щІэблэр Іуэхум кьыхэщэнырщ ДА3-м кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр. Нэхъыжьхэм я ІуэхущІафэхэр я гъуэзэу щІалэгъуалэм я жьыдэгарагьыр кьагъэсэбэнщ, льэпкъ зэхэщІыкІыр дэтхэнэми игу кьызэрыщагъэуцыфынум, хэхэхэм адыгагъэр зэрафІэмыкІуэдынум, я Іуэху дахэхэм зэрызрагъэужьынум шэч хэлъкъым.

**ШЫПІІ Даниэ.**

## Адыгэхэр кърагъэцІыхуу

АДЫГЕЙ. *Республикэм и «Ислъэмей» къэрал къэфакІуэ гупыр хэтащ гъуэзджэмкІэ дунейпсо зэхуэсу иджыблагъэ Алыджым щекІуэкІам икІи Родос хьтыгуэм япэу концерт щиташ.*

ЪЪЭФАКІУЭ гупым и унафэщІ Нэхей Асльэн зэрыжиІамкІэ, фестивальым хэтащ къэрал 25-м кьикІа хьэщІэхэр. «Ислъэмейм» абы щигъэльэгъуащ къафэщІэ зыбжанэ. «Ди къаІэн нэхъыщхьэу щытыр игъащІэ льандэрэ адыгэхэм кьадэгъуэгурыкІуэ льэпкъ щэнхабзэм и дахагъыр адрей льэпкъхэм зыхедгъэщІэныр щІ, - жиІащ Нэхейм.

## Паспортхэр

АБХЪАЗ. *Республикэм и Паспорт-визэ Іуэхущ Іапэм и унафэщІ Малие Валерий зэрыжиІамкІэ, абхъаз паспортхэр щыху мин 63-м ираташ.*

«НЭГЪУЭЩІ щыпІэхэм щыпсэуу я республикэм и паспортхэр кьеІызыкъуэ зыхуигъэувыжыр. Нэхъыжьхэм я ІуэхущІафэхэр я гъуэзэу щІалэгъуалэм я жьыдэгъагьыр кьагъэсэбэнщ, льэпкъ зэхэщІыкІыр дэтхэнэми игу кьызэрыщагъэуцыфынум, хэхэхэм адыгагъэр зэрафІэмыкІуэдынум, я Іуэху дахэхэм зэрызрагъэужьынум шэч хэлъкъым.

**ШЫПІІ Даниэ.**

Республикэм и паспортхэр жыджэру кьыІах Очамчыр куейм, Гудауэ кьалэм щыпсэухэм, нэхъ мащІэу - Гагрэ, Пицундэ, Цандрыпщ районхэм», - жиІащ Малие Валерий.

## ЩытыкІэ гугъуэм ихуащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и мусльымэнхэм я дин управленэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Бостанов Исмэхьил иджыблагъэ зэрыжиІамкІэ, щІыналъэм щыІэ мэжджытхэм щыхуэшхуэ къатехуащ псэупІэ-комунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр и чэзум зэрахуэмытым щхьэкІэ.*

АБы КЪЫХЭКІЫУІ динырылажьэхэр льэІуэн хуей мэхъу мылькукІэ абыхэм зыщыщІагъэкІу эну, ау я цІыхухэм нэхъыбэу псапэ щащІэр Хьид, Къурмэн махуэшхуэхэрщ. Апхуэдэхэм деж абыхэм сом мини 5-50 хуэдизу, щхьэж зэрых уэкъуелет ельытауэ, ят.

«Апхуэдэу кьыхэкІа ахьшэр цІыху тхьэмыщкІэхэм ятедгъэшэфу араш. Ар нэгъуэщІ Іуэхугъуэ зи гъбгъэкІуэдзну, псапэм папщІэ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэ абы хэбгъэкІыну, кьеІэзгъыркъым, езы динырылажьэхэм яттыныр кьызогъанэри.

ЦІыхухэр хуэмыщІам дэІэпыкъуну я боршу щытмэ, мэжджытхэм ятелъ щІыхэр абыхэм япшыныну кьатехуэркъым, я фІэфІынигъэкІэ ямыщІэу щытмэ. Динырылажьэхэми лэжьыгъэ гугъу ягъэзащІэ, ауэ абы хуэфащэ щІахуэ я иратырыкъым. Абыхэм мазэ ублахуэу я кьахьын хуейщ ику иту сом мин 15 хуэдизу», - кьыхихігъэщащ Бостанов Исмэхьил.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Щэнхабзэ

**Нэфхэм папщІэ Налшык дэт библиотекэм мы махуэхэм кьыІэрыхьащ пособиехэр, периодикэ кьыдэкІыгъуэ щхьэхуэхэр зытет кассетэхэмрэ дискхэмрэ. Иджыпсту библиотекэм и лэжьакІуэхэм ахэр зэхадз, и пІэ ирагъэзагъэ, щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэм зэрыралъхьэнум хуэгъэхьэзыр.**

«КЪОПСАЛЪЭ тхылъхэмкІэ» фондыр къыбгъэдэкІащ УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм. Федерал план къыхэхам тету набгъэхэм, нэфхэм папщІэ къэралым щыІэ библиотекэ псомиз мыпхуэдэ тыгъэхэр хуащІ.

Налшык дэт библиотекэм къыІэрыхьа кассетэхэмрэ дискхэмрэ тетщ литературэ классикэм и Іэдакъэщ Іэкіхэри, иджырей тхыгъэхэри, балигъхэм, сабийхэм я журнал, газет зэхуэмыдэхэм я къыдэкІыгъуэхэри.

**ИСТЕПАН Залинэ.**

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

Экономикэ Кавказ Ишхъэрэ

Политикэ Жылагъуэ Іуэху

# МАХУЭКУ

## Къулейхэмрэ къулейсызхэмрэ

● Уасэхэр

**Дэ мызэ-мытІэу дытепсэлъыхьащ инфляцэр ди къэралым и власткэм къыгъэлъэгъу Іэ жыгъэкІи куэдкІэ къызэрыщІэхъыщІыр. Щыхуэхм я сипльыпкъэр зыдж центрым (ВЦИОМ) къызэритамкІэ, урысейхэм я нэхъыбапІэм я фІэщ мэхъу уасэхэм хуэдэ зыбжанэкІэ ди деж нэхъ псынщІэу зэрыщыхэхъуэр. Урысейстатым жеІэ нужь мазэхэм уасэхэр проценти 5,7-кІэ фІэкІа дэмыкІуеиуэ, ауэ щыхуэхэм ящыкІагъэ процент 20-кІэ, хэбгъэзыхьмэ, проценти 14-кІэ щытаэ. Сыт ащхуэдэ зэтемыхуэнымгъэр къызыхэкІыр? КъызэрыщІэкІымкІэ, щхьэусыгъуэр зэдэщІэр хэхъуэхэр зафІэкІыу зэрызэщхьэщыкІырщ. Къулейхэм, тыкуэн ІыпапІэхэм щыщащхэхэм гу І ытащэрэкІым уасэхэм зэрызэхъуэм. Ауэ къаІэрыхьэ псори ерыскъым тезыгъэкІуадхэр хуабжьу жеІыфэ. Ди жагъуэ зэрызхъунщІ, нэхъ хуэмыщІахэр ди къэралым кІуэдІэ щыпэхъыбэщ къулейхэм нэхъ хъарэ. Абы къокІ инфляцэм и удыныр урысейхэм я нэхъыбэ дыдэм къатехуэу.

МИНИСТРХЭМ жаІэ 2007 гъэм и япэ зэхуэдитІым инфляцэр процентэ 5,7-рэ хъуауэ, ар гъэмахуэ мазэхэм зы процентми щІимыгъуауэ. ФинансхэмкІэ министерствэмрэ Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министерствэмрэ, уеблэмэ, дыкъагъэгупчат уасэ хэм гъэмахуэм хэмыхъуэхэну. Ауэ Урысейстатым кІыхьзэритамкІэ, мэкъуэгъэгъуэм зы процент, бадзэуэгъуэм процент 0,9-рэ хъуащ. Ауэ ари пэж? Махуэ къэс кІыщэхуэхэм, ЖКХ-м, телефоным, транспортым трагъэкІуадэхэм урысейхэр ирахулІэ а бжыгъэхэм щэч кІыпрахъэрэ. ВЦИОМ-р зэрупщІахэм я процент 41-м къалъытэ нужь мазэхэм уасэхэм процентэ 10-15-кІэ зыІэтаэу. Языныкъуэ щІыхуэхэм махуэ мазэхэм зыхуэфІэхэм трагъэкІуадэр хуэдитІкІэ нэхъыбэ хъуа гъэнэщ.

Щыхуэ нэхъ кІуэлейсыз ды-

Ильэс зыбжанэ и пэкІэ Китайм щыщхэр Ивановэ областым хэрахужащ, абыхэм я кхъуэхэм псыежэхыр зэрауфІейм, я хъэрычэ тыШ дэжьыгъэмкІэмкІ зэрыщымыІэм кьыхэкІыну. Смоленск областыр езыхэм ябгынащ: кьагъэкІ хадэхэкІхэр Европэм щащэну я мурадащ, аршхьэкІэ дунейпсо сатум и хабзэхэм хэзэгъакъым. Ильэси 10 и пэкІэ Пензи щыІащ, ауэ, зэрыжаІэмкІэ, щІыпІэм щыпсэухэм я гугъуІуэфакъым.

Мы гъэм Новгород Ишхъэрэр Тамбовкъэ Іэпхъ уэн я гугъащ. аршхьэкІэ кьыхэкадакъым. Ауэ Пензэ ящІуэтын хуей хъуащ - властхэм я щхьэр я гугъэжэгъуу областым евгъэрыкІуащ ІыкІуэ куэдыкІей. Къэрал делегацхэм мэрхэр эрп артис тэрри яхэт. ХьэщІэщым кьипсэлъыкІыуэр, мыпхуэдэу кьыщыжраІэ кьэхъурт: "Кьытхуэгъэгъэ у, ауэ кьыгъэкІуащ дыкъевмыгъэблэгъаУэ. ДышыбгъэІэн?". Абыхэм дежкІэ псори кьызэрыгуэкІи: турист тхрыль зэрагъэпэщІн, кьоку у. Иружкі Іэ ди къэралым хэщІапІэ кьыщагъу эт.

Ди мэкъумэш Іэнатіэр инвестициэх хуэзэныкъуэщ, - жраІэ абыхэм къулыкъущІэхэм.

Китаим щыщ ди ныбжьэгъуэхэр арэзы мэхъу: "Биогъэсыныпхъэ тщІынщ, кхъуэ дгъэзжьынущ, лэжьыгъэм ІэмалыщІэхэр кьыщыдгъэсэлъэпынущ". Іьатхэм зы кІэпейкІи хамыльхьэу щІы ираташ мэкъумэшыщІэу пщІым. Уеблэмэ, хьэмфІанэ кьудей яІэтэкъым. Аращ щІэуэ кьыхуаІэкІи. Область кулыкъущІэхэр гупсысащ: сыт тщІынур? Мыхэр етхуэкъэжмэ, ахъшэ зиІэхэр кьэкІуэнукъым. КъэІэпхъуэхэм я тхыгъэхэр эпэпщІ. Кьыззэрыдгъэсэбэпынэу щыкІэр кьэдгъэтын жуей кьудейщ.

Иужькі Іэ белджькы къхъуащ: китайхэр хэплІыхь зыщІхэщ - хьэмфІанэ кьудей ямыІэми, ахэр кІэрыутІыпщ хъуа щІы хуейкъым. Ауэ ягу ирихь щІпІэхэм ягъакІуэтэкъым, абыхэм щыпсэухэм зэрамыдэм кьыхэзэкІыу. ИкІэмкІэжьым кьулыкъущІэхэм эхкІыпІэ кьагъуэтащ: Пензэ пэмыжьыжьэ Усть-Уза кьуажэм и Іэтащхьэ кьэрэгъэхьащ щІы гектар 25-рэ кьаритыну (бджэндепщІэ гуэрИ Іуэхум хэмыту). Абы щыгъуэми езым лэжьакІуэхэр и куэдт. Псори зытрищІыкъар, езым зэрыжиІэмкІэ, «къэпкъхэм я зэнэжьыбзэгъуэгр игъэбыдэнырщ».

Усть-Уза тэ тэр кьуаж щ, апхуэдэу щыщыткІэ, щыхуэхэр щыжьІэдаІуэщ. Зэхуашэрэ, щІыхуэхэр ящыящ китайцхэм я жагъуэ я ямыщІыну. ЩІыІэ лъэхьэнэр икІыхуэкІэ правлеиэр хэщІапІэ хуащІащ, ГъуэлІыпІпІэхэр хуагъэуври. Теп1эн-щІэлъынхэр щалъэгъуаем, китайцхэм я нэпсхэр кьафІекІуащ: нэхъапІэм апхуэдэ тыншыгъуэ я Іатэкъым. АрщхьэкІэ, хуабэ зэрыхьэу, губгъуэм Іэпхъуащ, щІыныжэхэ кьатІри, щІэтІысхьажащ. Абыхэм я щІпІэ хабзэ я кьадогъуэгурыкІуэ: хадэхэм ІухуейкІэ

**Москва нэхъ и гъунэгъу дыдэ китай «къуажэр» Пензэ областым щыІэщ. Зы жэщкІэ мафІэгукІэ унос. Сыт китайцхэм Урысейм щащІэр икІи хэт абыхэм хуейр?**

мэ, хьэсэм зэпымыууэ хэс.

ХадэхэкІыр кьайхъуІэнрэ кьаймыхъуІэнрэ иджыри зыми ищІэркъым, ауэ «къэпкъхэм я зэнэжьыбзэгъуэгр» ефІакІуэ зэрэпытщ. ХьэщІэхэм я нэхъыжьхэ Ли мэгуфІэ:

- Щыху акъыльифІэ дыдэхэщ: дыгъуэркъым, зауэркъым.

Тэтэрхэм хуабжьу яфІэгъелыдыжэщ щІыныжэм я уеблэкІэр: бжьамийр гъуэлыпІпІэ щІагъым щІэтщІ, ерыскъыщІыбзэхьэрыкІэ, пэрри бо-гъэхуабэ! Пхъэ кІэрыхуфбжьэрыхуэхэми парнік къьхэпщІыкІ мэхъу! Ауэ башкІэ щІыр кьыпхуэтІыпнукъым. Хозяйствэм и унафэщІым кьрелбжэкІ кьэкІуэхэм хуэщІахэр.

- Догьашхэ, зэкьыгІэхэм псы щІдогъэхьэ, щІыгъэпщэрхэр еттащ...

ЯхуищІар мащІэкъым, ауэ мэгугъэ бжьыкъэм хадэхэкІхэм я зэхуэдитІыр кьыхьысыну. Пэ жщ, тригъэкІуэдам нэхърэ нэхъ мащІэщ кьыІэрыхьэнур, ауэ зэкІэ яхудичыкІыну хьэзыщ. Езы ныбжьэгъу Ли фІэщхуэныгъэ бдыдэ хэльхькым: бригадирым къэралым кьэкІуэн-КІуэжьыным тригъэкІуэдар кьыІэрымыжьжьыкІэ хъунущ: нэгъабэ кьэбыстэр сомрэ ныкьуэкІэ Іахащ, мы гъэм тумэнищ и уасэщ. Пщэдей кьэхъунур зыми ищІэркъым. Ли ар егъэщІагъэ:

- Китаймэ уасэхэр къэралым щегъэув, ар мэкъумэшыщІэхэм щадоІэпыкъ у, - урысыбзэныкъуэкІэ кьызгурегъаІуэ абы. - Фи деж уасэхэр щохьэмкІэрамкІэ. Хэт зыщІэр хэхъуэу кьыпТІэрыкъэнур зыхуэдизыр?

Ли адрейхэм ещхьыкІым: хьэсэхэм лэжьыгъэкІэ ущыпеуэфынчыкъым, ауэ удэуэрщэрыну Іейкъым. СоупщІ: - Ди деж щынэхъ Іейкі Іэ, щхьэ фынкъэІуэ?

Жэуап кьызетыжк:

- Ди зэдэлэжьныгъэр зэтедухуэн мурадкІэ.

- Китаймэ псэукІэр щымы-

● Щыналъэхэр

## "Дэ щІыхуэр ди куэдщ, фэ щІыр къывІэкІ"

нэхъыкІэу пІэрэ?

«Китаймэ псэукІэр щІыхьщ». Щэч сощІ ар коммунист еруэу.

- Уэ парт органхэм ящымыщу пІэрэ?

АршхьэкІэ Ли кьэубыдыгъуейщ:

- Коммунизм, капитализм. Сыт абы псэукІэр щІыхьэрэ?

Зэгупсысыр и лэжьыгъэм кьыпэкІуэнур зыхуэдизырщ.

- Кьыдатэ гектар 25-р ди деж кІэ зыриткІщ, - жеІэ абы, - дэ дежьжьыфІыщ гектар минищІми.

Ауэ визэр зэрыратар зы

# КЪУХЬЭПІЭМКІЭ МАПЛЪЭ

● Польшэ

**Куэд щІакъым Польшэм и президент Качиньски Лех США-м зэрыщыІэрэ. Абыр америкэ президент Буш Джорджэр зэгурыІуащ Польшэм и щІыналъэм ПРО-м и рашетэхэр щагъэувыну. Іуэхум щІадзэну и мурадщ 2008 гъэм и мазаем. Абы трагъэкІуэдэнущ доллар мелард 44-рэ хуэдиз. Абы и закъуэкъым. Польшэр хьэуащ Европэ Союзэм НАТО-м. Ар уващ Европэм щекІуэкІыну политикэр зыубзыхуну зи мурад США-м и гуэгъу пажэу. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, а къэралым и щІыб кьыгурыІуэзащ. Сыт ар къызыхэкІар?**

ПОЛЬШЭР нобэ Европэм щыІэ къэрал нэхъ инхэм ящыщу къэпльтыгъэ хъунущ. Абы и щІыналъэр километр зэбгъуэзэнатІэ мин 213-м нос, щІыхуу мелуан 40 хуэдиз щопсэу. Абыхэм ящыщу процент 97-р полякщ. Ауэ мыбы щопсэу нэмыщІэхэр, украинхэр, чеххэр, белорусхэр, журтхэр, словакхэр, нэгъуэщІхэр. КъэралІыщІхэр президентырщ. А къулыкъур иджыпстуи ныбгъщ Качиньски Лех, правительствэм и Іэтащхьэ абы и кьуэш тІолъхуэныкъуэ Качиньски Ярослав.

Польшэ къэралыгъуэр къэхъуащ 966 гъэм. 1025 гъэм пащтыхыныгъэ иІэ хъуащ. А зэманым кьыщыщІэдзауэ ар къэрал куэдым езэуащ, езыми кьезэуар мащІэкъым. Урысеймрэ Польшэмрэ яку мызэ-мытІэу зауэхэр, кьайгъэ инхэр кьыдэхъуащ. Урысейм абы фІы куэди хуищІащ, Іейуэ ирищІари мащІэкъым. Иджы а псори полякхэм я гум кьыдревеина, фІыуэ яхуэтщІар ящыгъупщэжауэ.

1772 - 1795 гъэхэм Польшэр къэрал зыбжанэм зытрагъэушэж: У рысейм -Ищхьэрэ кьуэкІыпІэр, Пруссием - Померанием хьихьэу кьухьэпІэр, Австриеи - Галициеи хьихьэу ипщэ пъэныкъуэр ятъос. Нэхъ ныжьыжкІэ Польшэр Урысейм щыщ мэхъу нкІи ильэси 100-м щІигъуэкІэ ар абы и унафэм щІэтащ. 1918 гъэм Ленин Владимир и унафэкІэ Польшэр къэрал щхьэхуит мэхъу. Ауэ абыкІэ полякхэр арэзытэкъыми, 1920 гъэм къэралитІым я кум зауэ кьыдокъуэ, нкІи мыбдежьым большевикхэм щафІокІуэд Кьухьэпіэ Украинэмрэ Кьухьэпіэ Белоруссиемрэ.

Етуанэ дунейпсо зауэм и пэкІэ Польшэр Германием кьуоуэ. Абы и фІыщІэкІэ 1938 гъэм Польшэм зыІэрегъкъэ Чехословакием и Тешин фІамыщІ кьыщІэхьпІэр. Ауэ а къэралитІым я зэныбжьэгъуэгъэр 1939 гъэм фокІадэм и 1-м кьокъуэ, Германиер Польшэм тоуэри. А гъэ дыдэм фокІадэм и 17-м СССР-мрэ Германиемрэ нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхмкі я министрхэу Молотовымрэ Риббентропрэ я зэгурыІуэныгъэм япкъ иткІэ, Дзэ Пльыжьыр Польшэм тоуэ нкІи Кьухьэпіэ Украинэмрэ Кьухьэпіэ Белоруссиемрэ кьытрехьыж, СССР-ми кьыхсгъэхъэж.

Мис а псори гужьгъэжьу яІэщ полякхэм. Ауэ дэ абыхэм яхуэфІэщ ящІ мащІэкъым. Япэрауэ, Польшэр Германием кьыІэщІэзыгъэкІыжар ди къэралырщ. Ильэсым щІигъкІэ абы и щІыналъэм щызэуащ ди сэлэтхэр. Польшэм и цІыхуу СССР-м щыпсэухэм кьаухэкІыу дзэ пъэщи кьызэрагъэпэщащэу щытащ. Европэм щынэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ Краков къалэр нэмыщІ-фашистхэм зэтракъутэну кьезыгъэлар собетыдзэхэрщ, Освенцимы хуит кьэзыщІыжар ахэрщ. Польшэр хуит хьужьын папщІэ, ди зауэлІ мин 600-м я гъащІэр щатащ а щІынальэм.

Ауэ мыри зыщагъэгъупщэн хуеякьым полякхэм. 1945 гъэм маздаем и 4 - 11-хэм СССР-м, США-м, Ингиландыпм я ІыщІыхэм Кьрым щрагъэкІуэкІа Ялтэ конференцым, Сталиным кьыщыхпльхьэри, Польшэр къэрал щхьэкуиту кьыщІатытащ, Померание, Силезие нэмыщІ щІынальэхэри хьэхъу. Польшэ тхакІуэ Поманновскій Ежи зэгуэр итхьжат: «Сталиным ичя политикэ лъэбакъуэхэм я нэхъ ин дыдэу кьэпльатэ хъунущ Польшэр къэрал щхьэхуит зэрыхъуар...» Абы и закъуэкъым. Польшэм и щІыхуу мелуани 6-м нэс зауэм хэкІуэдащ, кьаиэ щІагъуэ щымыІэу абы и промышленостыр зэтракъутат, мэкъумэш хозяйствэ имыІэмыхьхэу кьэпльатэ зыунут. Хуабжьу ехуэжащ щІэныгъэр, СССР-м псом япэу 1945 гъэм Польшэм иригъэщащ гъавэу тонн мин 700-м нэс, хадэхэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ куэд, зэфІигъэувэжащ и промышленностыр, мэкъумэш хозяйствэр. КІэщІу жыпІэмэ, Польшэм и Іэнатіэ псоми заужьыныкІэ ди къэралым пъэкІ кьигъэнакъым.

А псори псынщІэ дыдэу зыщигъэгъупщащ ди гъунэгъу къэралым. Иджы ар дэ кьытхуеижкъым. Абы нэхъ кьещІэ США-м и дамэм щІэтмэ. Куэд щІауи пльхьэхъэт зыщІЫзэригъэзыщ щхьэусыгъуэ. Иджы ар кьигъэуатэщ. Польшэм пльхэкІ куэд кьэпльащэжь. Абы пльхІэ кьыІэрегъэпщІащ Европэ Союзыр. Абы и пльхэкІэр ди къэралми кьыщІжу щытащ, ауэ ди деж кьашэ ерыскъыпхъэм лажьэ гуэрхэр иІэу кьыщІэкІащ икІи ар кьэщІжуныр зэпачъэуащ, Іуэхум и пэжьыпІэр зэхамыгъэкІыжу абыхэм зэуэ зэгъэкІэрэхъащ икІи я щІыб кьытхуагъэзащ. Зэпсэльэныгъэхэр ирагъэкІуэкІын мурадкІэ, Польшэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхмкі я министр Фетуга Аннэ Москва къагъэблэгъащи, къэкІуэн идакъым. Иджы Польшэр иопІэщІэкІ США-м и ПРО-р езым и щІыналъэм щигъэувыну. А Іуэхум теухуауэ а къэралым и щІыхуэхэу зэуущащэм я процент 60-м нэсыр хуейкъым америкэ ПРО-м. Ауэ польшэ властыр абыхэм едаІуэркъым. Абы и щІыхуэхэр гуэввэгъуэм ядэзэ.

Урысей Федерацэм Польшэм теуэну мурад иІэкъым, ауэ, зауэ къъъу хъужьыкъуэмэ, абы и щІыналъэм щыгъэувэ ПРО-р къутэн хуэй хъунущ, абы лажьэ зимыІэ щІыхуэ куэди хэкІуэдэнущ. Ауэ апхуэдэу имыщІу, Польшэр мамырщІэкъу къэралу кьанэмэ, Урысей Федерацэр абы сытым и дежи кьыщІэщыжьыфынущ.

**НУРЫБЭ Хьэлий.**

## Къулейхэмрэ къулейсызхэмрэ

● Уасэхэр

- Гуп зэмыІэжьыгъуэхэм ящыщ щІыхуэхэм инфляцэр кьызэрагъэлъэтэщІкІэр зэтехуэркъым, - жеІэ «Финэкспертизэ» АКГ-м и унафэщІым и кьудэз Микаелян Агван. - Мылъку зыбгъэдэтхэм я щІыхьэ ящІыну ирагъэкІыжу, Ауэ дэтхэнэ сомри щабж унагъэм ар икъукІэ кьытокъэтэ.

Ар пэжщ. ЗэупщІахэм я процент 56-м зэрыжаІэмкІэ, абыхэм яІэрыхьэ хэхъуэм и зэхуэдитІым щІигъур ерыскъым трагъэкІуадэ. ЩІакхъуэм и уасэм зы сомкІэ фІэкІа зимыІэтми, ар абыхэм зыхащІэ. Псалъэм и кьэтырКІэ, властхэм кьагъэгугъащ пенсэхэм сом 451-кІэ хагъэхъуэну, инфляцэр процентэ 7-м фІамыгъэкІыну. ЩІакхъуэм и уасэм зы сомкІэ фІэкІа хамыгъэхъуэми, абы хэщІыпІыгъуэ пенсионерхэм зы илъэсым соми 120-рэ кьахуехь. Абы щыгъуэми ерыскъым и закъуэкъым зыхэхъуэр - 2007 гъэм ЖКХ-м и Іуэхутхьбзэкэр процент 15-кІэ нэхъ тІыпІэ хъуакІэщ. Абыхэм курыту псэу щІыхуэхэм я хэхъуэхэм я процент 25 - 30-р «яшх». Апхуэдэ дыдэу жылагъуэ транспортым и уасэри доуей - 2007 гъэм абы процент 15-кІэ хэхъуащ.

**ГОРЕЛИК Ольгэ.**
*«Известия».*

## Хуит къащІыж

● Тыркумэн

«Тыркумэн псоми я вождь», дунейм екьжа президент Ниязов Сапармурат яукІыну 2002 гъэм зэгурыІуэгъэкъуащІу якъэтІысахэм ящыщу щІыхуэ 11 кьаутІыщІыжащ. Ахэр хъуащ къэралым и Іуэтащхэу Бердымухаммедов Гурбангулы кьыхихьха амнистием. «Тыркумэнхэм я адэр» яукІыну хэтащІу ягъэкъащІуэ зэман зэмылІэужьыгъуэхэм ягъэтІысауэ щыІащ щІыхуэ куэдыщІ